Джабраило
в Русланбек
Хумидович
Подписано цифровой
подписью:
Джабраилов Русланбек
Хумидович
Дата: 2025.11.19
14:46:18 +03'00'

ИП ДЖАБРАИЛОВ РУСЛАНБЕК ХУМИДОВИЧ
НАЧАЛЬНАЯ ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНАЯ ШКОЛА №1
(«НОШ №1 г. Шали»)

Выписка из ООП НОО
утвержденной приказом от 29.08.2025г.
№ 13

# Рабочая программа учебного предмета «Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар»

для учащихся 1-4 классов
на 2025-2026 учебный год

г. Шали, 2025г.

**ЧУЛАЦАМ**


КХЕТОРАН КЕХАТ……………………………………………………………………4

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предметан йукъара характеристика…………………………………………………………...6

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предмет Іаморан Іалашонаш а, декхарш а……………………………………………………………………….. 8

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предметан герггарчу хьесапан белхан программин чулацаман коьрта линеш………………………………. ………………10

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предметан дешаран планехь меттиг……………………………………….. ……………………………………..12

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ…………………………………………..............................13

1-ра класс……………………………………………………………………..15

2-гІа класс……………………………………………………..…………………16

3-гІа класс……………………………………………………..…………………19

4-гІа класс……………………………………………………..…………………22

«НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ПРОГРАММА ЙУЬХЬАНЦАРУ ЙУКЪАРЧУ ДЕШАРАН ТІЕГІАНЕХЬ ДІАЛАЦАРАН ХИЛА ЛЕРИНА ЖАМІАШ……………………………………………30

Личностни жамІаш…………………………………………………. ……………30

Метапредметни жамІаш…………………………………………………………… 32

Предметни жамІаш………………………………………………………………..35

1-ра класс…………………………………………………….............................38

2-гІа класс……………………………………………………………………………40

3-гІа класс……………………………………………………………………………42

4-гІа класс……………………………………………………………………………44

ТЕМАТИЧЕСКИ ПЛАНИРОВАНИ……………………………………………….48

1-ра класс……………………………………………………………………………49

2-гІа класс……………………………………………………………………………51

3-гІа класс……………………………………………………….............................61

4-гІа класс……………………………………………………………………………70

КАЛЕНДАРНО-ТЕМАТИЧЕСКИ ПЛАНИРОВАНИ ПЛАНИРОВАНИ…………………………………………………………………………48

1-ра класс…………………………………………………….............................49

2-гІа класс……………………………………………………………………………51

3-гІа класс……………………………………………………………………………61

4-гІа класс……………………………………………………………………………70

ЙУХХЕДАХКАРШ…………………………………. ………………...78

Йуххедиллар 1………………………………………………. …………………78

Йуххедиллар 2…………………………………………….. …………………82

Йуххедиллар 3…………………………………………………………………..86

Йуххедиллар 4…………………………………………………………………..88

# КХЕТОРАН КЕХАТ

Нохчийн мотт – нохчийн къоман мотт бу, оьрсийн маттаца цхьаьна Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а бу, цу гӀуллакхо дика хьелаш кхуллу и мотт Ӏалашбан а, кхио а. 1-4-чу классашкахь «Ненан мотт а, ненан литература» а предметан декъехь хьоьхуш йу ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар, иза тӀехьажийна йу дешархойн кхетаман-довзаран, хьасене хиларан, исбаьхьаллин-эстетикин таронаш кхио а, гӀиллакх-оьздангаллин мехала болу хьежамаш кхолла а, бер нохчийн къоман культурина тӀеозо а.

Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран 1-4-чу классашна лерина «Ненан (нохчийн) маттахь» литературин йешар» дешаран предметан герггарчу хьесапан белхан программа (кхидӀа – Программа) кечйина кху нормативно-бакъонийн базица догӀуш:

– Россин Федерацин Конституци (статья 26);

– 24.09.2022 ш. № 371-ФЗ «Россин Федерацехь дешархо» Федаральни закон (хийцамашца а, тӀетохаршца а);

– 25.10.1991 ш. № 1807-1 «Россин Федерацин къаьмнийн меттанех» Федеральни закон (хийцамашца а, тӀетохаршца а);

– Россин Федерацин Серлонан министерствон 31.05.2021 ш. № 286 омранца чӀагӀйина йолу Йуьхьанцарчу йукъарчу дешарана Федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт;

– Кхетош-кхиоран герггарчу хьесапан программа (магийна йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин сацамца, 23.06.2022 ш. № 3/22 протокол);

– Россин Федерацин къаьмнийн ненан меттанаш хьехаран Концепци (чӀагӀйина Россин Федерацин Серлонан министерствон коллегехь 1.10.2019 ш.);

– Йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта дешаран герггарчу хьесапан белхан программа (магийна йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин сацамца, 18.03.2022 ш. № 1/22 протокол);

– Нохчийн Республикин Конституци 23.03.2003 ш. (хийцамашца а, тӀетохаршца а);

– Нохчийн Республикин 25.04.2007 ш. № 16-РЗ «Нохчийн Республикехь меттанех» закон (хийцамашца а, тӀетохаршца а);

–Нохчийн Республикин 30.10.2014 ш. № 37-РЗ «Нохчийн Республикехь дешарх» закон;

– Нохчийн Республикин Правительствон 17.08.2020 ш. № 180 «Нохчийн Республикин «Развитие образования Нохчийн Республикехь дешар кхиор» пачхьалкхан программина йукъа хийцамаш балорах, 17.03.2022 ш. хийцамашца Сацам;

– Нохчийн Республикин тӀекхуьу чкъор ийманехь кхетош-кхиоран Йукъара концепци (ЧӀагӀйина Нохчийн Республикин Мехк-Дас 14.02.2013 ш.);

– Нохчийн Республикехь нохчийн мотт а, литература а хьехаран концепци (чӀагӀйина Ӏилманан Кхеташонан кхеташонехь 12.05.2022 ш. № 3).

Программа кхочушйаран бухехь Ӏуьллуш, федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан методологи йолу системно-гӀуллакхаллин кеп йу.

Программа лерина йу ненан (нохчийн) меттан а, литературин а хьехархошна «Ненан (нохчийн) литература» предметана дешаран а, белхан а программаш хIитто бухе йилла. Авторийн а, белхан а программаш йазйечеран йиш йу дешаран материал дIакхачорехь, хIотторехь а, сахьташ теманашка а, дакъошка а декъарехь шайна зеделлачух пайдаэца.

Программа кечйина йу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран программа кхочушйечу хьукматашна, нохчийн мотт хуучу йа ледара хуучу дешархошна.

Дешаран предмето таро ло гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца, къаьсттана «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметца, зIе латтор кхочушдан.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЙУКЪАРА ХАРАКТЕРИСТИКА

Программа тӀехьажийна йу дешаран хьукматашна а, хьехархошна а методически гӀо дарна, цо таро лур йу:

1) «Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предмет хьехаран процессехь Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарташкахь (кхид1а – ЙЙД ФПДС); билгалдина долу адаман кхиаран, метапредметни, предметни дешаран жамӀаш кхузаманан лехамашца догӀуш кхочушдан;
2) «Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» дешаран предметан Ӏаморан хила лерина жамӀаш а, чулацам а ФГОС НОО а; йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран герггарчу хьесапан коьртачу программица (йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин 2015-чу шеран 8-чу апрелехь № 1/I5 протоколца йинчу редакцехь) а; кхетош-кхиоран герггарчу хьесапан программица (магийна йукъарчу дешарехула федеральни дешаран-методически цхьаьнакхетараллин 2020-чу шеран 2-чу июнехь № 2/20 протоколаца бинчу сацамца) а догӀуш, дешаран шерашца билгалдан а, структура хӀотто а;
3) Билггалчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, билггала долу дакъа-тема Ӏамо лерина дешаран хан а нисйеш, ткъа иштта дешаран материалан дакъош/теманаш дӀалацарна тӀехьажийна долу дешаран гӀуллакхийн коьртачу кепех а пайда а оьцуш, календарно-тематически план хӀотто.

Программин чулацам тӀехьажийна бу «Ненан мотт а, ненан маттахь литературни йешар а» предметан декъана йолчу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта программа дӀалацарна Федеральни пачхьалкхан йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран стандарташкахь билгалдинчу тӀедахкарийн (тӀедожор) жамӀашка кхача.

«Ненан мотт а, ненан маттахь литературни йешар а» предметан декъана йолчу йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран коьрта программа дӀалацарна ЙЙД ФПДС тӀедахкаршца догӀуш, курс тӀехьажийна йу Россин Федерацин культурин экъанехь ненан меттан литературин меттиг а, роль а муьлха йу а, историко-культурин, оьздангаллин, эстетическин механлаш Ӏалашйарехь а, цхьана тӀаьхьенера вукху тӀаьхьене дӀакхачорехь а лоцучу декъах а кхеторна; Россин Федерацин субъектан культурин а, гӀиллакх-оьздангаллин а, эстетикин а йуьхь кхолларехь къоман фольклоро а, исбаьхьаллин литературо а лоцучу декъах йуьхьанцара хьежам (хаарш) кхолларна а; ненан меттан литература къоман культурин дахаран довзаран цхьа коьрта дакъа а, къоман а, Россин а культурин хилам а, оьздангаллин механлаш а, ламасташ а лардаран гӀирс а, дуьнене а, къоман историга а, культурига а хьежам а хиларх кхетам кхолларна а, ненан маттахь йешаран лехамаш хиларна а.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» курсан бухе йиллина нохчийн литературо чулоцург къоман культурин ламастийн мехаллийн кодийн система йу боху ойла йу. Нохчийн къоман культурин ламасташ Iалашдаран гIирс хилла ца Iаш, нохчийн литература зIе йу къоман дIадаьлларг, карарниг, хиндерг вовшашца дузуш а, кегийчу дешархойн кхетаме и дуьллуш а.

Дешаран предметан чулацам кхочушбан йиш йу урокел арахьарчу гIуллакхаллехь а (Йуххедиллар 1). «Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предметца доьзна урокел арахьа гIуллакхалла йуьхьанцарчу классийн дешархойн индивидуальни башхаллаш а, хьашташ а, Нохчийн Республикин къоман а, этнокультурни а башхаллаш а тидаме а оьцуш, кхочушдан а, вовшахтоха а лерина ду. Программехь иштта йалийна классал арахьарчу йешарна а, дагахь Iаморна а леринчу говзарийн список (Йуххедиллар 2). Классал арахьарчу йешарна хьехархочо схьакъасто тарло литературни говзарш, регионан этнокультурни башхаллаш тидаме а оьцуш.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ IАМОРАН IАЛАШОНАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предмет Iаморан **Iалашо йу** – нохчийн литературе а, нохчийн матте а нохчийн кульурин коьртачу декъе санна мехала хьежам кхоллар; дешархой шайн къоман кульурно-меттан экъанна йукъабалор, шайн къоман культурин тIаьхьалонна а, кхузаманан лехамашна а, къоман ламасташна а йукъаозор; чкъурийн исторически тIаьхьалонах а, нохчийн культура ларйарх шаьш жоьпалле хилар а кхетор.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предмет Iаморан **декхарш:**

– Россин гражданаллин идентичностан баххаш кхоллар, шайн Даймахках а, Россин халкъах а, Россин халкъийн цхьаалехь мехкан историх а дозалла дан Iамор, шаьш муьлхачу къомах ду кхетор; Россин дукхакъаьмнийн йукъараллин мехаллаш кхоллар;

– нохчийн къоман историко-культурин зеделлачун тIалам бан Iамор, дешархочунна шен къоман культурин-меттан хьал довзийтар; йуьхьанцарчу классийн дешархочунна нохчийн литература историко-культурин, оьздангаллин, эстетикин мехаллийн хьоста санна йезайалийтар;

– нохчийн литературехь гайтина йолчу а, нохчийн синкхетамна ладаме йолчу а гIиллакх-оьздангаллийн мехаллех хьежам кхоллар;

– нохчийн литературин говзарш Iаморан буха тIехь нохчийн меттан исбаьхьаллин-эстетикин таронех хаарш совдахар;

– адаман амал кхиарехь а, къамел шардарехь а даима йеша хьагам кхоллар;

– тайп-тайпанчу текстийн чулацаман а, башхаллин а мах хадоран

йешаран хаарш шардар, уьш йиийцаре йарехь дакъалацар;

– къамел даран йерриге а кепаш кхиар, йешначух лаьцна барта а, йозанца а дийца хаарш карадерзар;

– йешаран корматаллаш кхиор.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ГЕРГГАРА БЕЛХАН ПРОГРАММИН ЧУЛАЦАМАН КОЬРТА ЛИНЕШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предметан программехь белла чулацам бу, и теллича нохчийн литературин къоман-культурин башхалла а; нохчийн меттан а, нохчийн литературин а Нохчийн Республикин а, Россин а историца, нохчийн къоман материале а, синбахаман а культурица а йолу зIе а йаста некъ лур бу. Курс лерина йу йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературин а, культурин а хьежам шорбан; йуьхьанцарчу классийн дешархойн йешаран жигарчу гонна йукъайогIучу фольклоран а, нохчийн классикийн а, нохчийн кхузаманан литературин а говзарша таро ло дешархошна адамаллин мехаллашкахь нохчийн культурин а, къоман синкхетаман а коьртачу баххех кхетам бала. Йуьхьанцарчу классийн дешархошна йеша а, талла а схьакховдийначу нохчийн литературин говзарша схьагойту нохчийн къоман культурин тайп-тайпана агIонаш, жигарайоху даимлера мехаллаш (дикалла, доглазар, синшорто, къинхетам, эхь-бехк, бакъдерг, доьзалан мехаллаш, патриотизм, баккхийчаьрга ларам, адамалла, и. кх.дI.).

Кху программехь «Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» курсан башхалла кхочушйина кху бахьанашца:

– нохчийн къоман амал, Iадаташ, ламасташ, нохчийн культурин синбахаман мехаллаш, адамаллин мехаллаш а, эхь-бехк а гойтуш долу говзарш схьахаржарна;

– нохчийн йаздархойн нохчийн бераллин дуьне гойтучу говзарш тIе тидам бахийтарна: доьзалехь бер кхетош-кхиоран башхаллаш, баккхийчаьрца а, нийсархошца а цуьнан йолу йукъаметтигаш, беро шена гонахара дуьне тIелацаран башхаллаш.

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет Iаморо гIо дийр ду дешархойн мотт хьал долуш барна а, церан къамелан культура а, хьасене бовларан хаарш шардарна а. Шена тIехь программин проблемно-тематически блокаш хIитточу дидактически материалана культурно-исторически тIедалорах а пайдаоьцу. ХIора проблемно-тематически блока йукъайогIу нохчийн къоман синбахаман а, материале а культура гойтуш болу кхетамаш.

Программехь хIара дакъош ду: «Вайна гонахара дуьне», «Самукъне абат», «Вайн Даймохк», «Вайн йаздархой», «Халкъан барта кхоллаpалла», «Кхечу къаьмнийн литература», «Киншка – тоьлла доттагI», «Нохчийн халкъан барта кхоллаpалла», «Сан Даймехкан коьрта гIала», «Дашо гуьйре», «Деша «СтелаIад» журнал!», «Сан доьзалан йовхо», «Дешан ма-дарра а, тIедерзийна а маьIна», «Марша догIийла, Керла шо!», «Iа», «Ваха Iама», «Тхан кегий доттагIий», «БIаьсте йогIу, бIаьсте йогIу!», «Даймохк», «Аьхке», «Латта ларде», «Хаарийн орам», «Гуьйре», «Берийн йаздархой», «Авторски туьйранаш», «Хиндолу хьоза бенахь дека», «Жима доккха дуьне», «Iалам», «ДоттагIалла», «Кхечу къаьмнийн фольклор», «Культурин бIов», «БIаьсте», «Нохчийн

махкахь», «Нохчийн фольклор», «Дайн латта», «Вай деха дуьненахь», «Iаламан хазалла нохчийн поэзехь», «Бераллин туьйра», «БIе эзар дика гIуллакх», «Бовза, беза вайн Даймохк!», «Iаламан къайленаш», «Даймехкан декхаро гIаттийна вогIу со», «Ненан мотт», «Суна сирла дахар деза!».

Программехь йеллачу говзарийн чулацам йуьхьанцарчу классийн дешархочун лехамашна гонаха хIоттийна бу, хаьржинчу говзарийн башхаллашкахь гуш а бу.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТЕРАТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ДЕШАРАН ПЛАНЕХЬ МЕТТИГ

ЙИД ФПДС догIуш, «Ненан (нохчийн) маттахь литературини йешар» дешаран предмет «Ненан мотт а, ненан маттахь литературни йешар а» предметни декъана йукъайогIуш а, Iамон тIейожийна а йу.

Программа ЙИД ФПДС гайтинчу дешаран программа дIалацаран жамIийн предметни лехамийн буха тIехь хIоттийна а, 237 сахьтан (33 сахьт 1-чу классехь а, 68 сахьташ 2-4-чу классашкахь) бараман дешаран йукъарчу тIедилларна лерина а йу. Программин инвариантни дакъа Iаморна луш дешаран 200 сахьт ду. 37 дешаран сахьтах лаьтташ йолу дешаран тIаьхьалонан хан программин вариативни декъана дIало, цо йукъалоцу авторийн Iаматийн линейкина оьшу белхан программа хIоттийнчу авторша къастийна говзарш.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МАТТАХЬ ЛИТАРЕТУРНИ ЙЕШАР» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» курсан чулацам билгалбечу хенахь коьртачу тидамехь ду:

1. Къоман кхетамна мехала долу, йеххачу хенан йохалла — кхузамане кхаччалц – культурехь коьрта меттиг дIалоцу хIуманаш (масала, баккхийчаьрга, нене ларам, Даймахке безам, догдикалла, доглазар, нийсо йезар, эхь-бехк, сий, и.кх.дI.) Цу коьртачу кхетамашца болх дIахьо йуьхьанцарчу классийн дешархоша дIалоцур долчу кепара хаьржинчу нохчийн йаздархойн уггаре а къегинчу, нохчийн литературин а, культурин а башхаллаш кхочушйинчу говзарш тIехь. И говзарш йовзаро гIо до йуьхьанцарчу классийн дешархошна къоман культурин ламастех а, нохчийн культурех а кхета.

2. Йуьхьанцарчу классийн дешархойн лехамаш: говзарийн доккхачу декъан турпалхой йуьхьанцарчу классийн дешархойн нийсархой бу, церан дуьне довзарца босту программехь билгалбина культурно-историн кхетамаш. Программи йукъайахийтина тайп-тайпанчу заманашкахь берийн дуьне гойту а, церан кхиаран некъаш а, амал йахчайалар а, оьздангаллин къилбанаш кхолладалар а гойту говзарш; говзарш харжаро дешархочунна таро ло историн тайп-тайпанчу муьрашкахь нохчийн культура шен нийсархочун бIаьргашца ган. Программехь ладамечу барамехь йелла кхузаманан авторийн говзарш а йу, цара шайн кхолларалехь кхидIа хьо нохчийн литературин къоман ламасташ, и говзарш кхузаманан дешархочунна гергара йу.

3. Къоман башхаллин хиламаш искусствон кхечу гIирсашца гайтина говзарш а хаьржина, цо таро ло дешархошна нохчийн культурехь искусствийн диалог гайта.

Цхьадолу декхарш кхочушдан лерина дешаран материал хаьржина гуманизман, исбаьхьаллин а, довзаран а мехаллийн, кхеташ хиларан, жигараллин, поликультурин, ламасталлин классикин а, кхузаманан бараман цхьаьнадаран, тематикин, кепийн-жанран тайп-тайпаналлин критеришца йогӀуш.

Программо билгалбечу йешаран гуоно таро ло тайп-тайпанчу хенийн а, къаьмнийн а говзарийн куьзганхула беран дуьненехьежаман гураш жим-жимма шордан.

Программехь и масех бухедилларца билгалбо. Хьалхара шиъ доьзна ду йешаре ойла а, йешаран техникин хаарш кхиоран хьелаш а кхолларца. Иштта, и хаарш кхиоран йуьхьанцарчу муьрехь уггаре а хьалхарчу рогӀехь йу байтийн а, прозин а йух-йуха олуш дешнаш, дешнийн цхьаьнакхетарш, предложенеш, абзацаш йолу тексташ (йешаран техникин говзалла кхиочу хенахь мехала долчу йешаран кхиаме хилар тардалийтаран Ӏалашонца); ткъа иштта кхиаме ду забаре чулацам болу сихха хазахетар йа велар кхолладолуьйту тексташ лелор а, (хӀунда аьлча, цу хенахь забар йевзаш хиларо эстетикин синхаамаш гучубахар кхиадо) йешаран мукъам кхиоран Ӏалашонца. Дешаран хӀора шеран тексташ схьахаьржина йу цу хенан берашна тӀелаца ата хилар тидаме а оьцуш. Текст схьахаржаран кхидолу бухедахкарш доьзна ду исбаьхьаллин дешан фольклорна кепашкара авторийн литературе кхаччалц кхиаран логика ларйаран цаторийла хиларца; билггала долу оьздангаллин а, эстетикин а декхарш кхочушдан цаторийла хиларца, царах коьртанаш билггал йолчу оьздангаллин-эстетикин концепцига доьрзу, и концепци дешаран деа а шарахь кхиош схьайалайо; жанрийн а, тематикин тайп-тайпаналла хилийтаран кхачойаран а, фольклоран а, авторийн говзарийн а, вайн мехкан а, дозанал арахьарчу йаздархойн говзарийн а, берийн литературин классикийн а, XX-чу бӀешеран чаккхенан – XXI-чу бӀешеран йуьхьан кхузаманан берийн йаздархойн говзаршна йукъахь а барам ларбаран а цаторийла хиларца.

Йешаран гӀуллакх кхиоран процессан чоьхьарчу логикица доьзна, «Литературни йешар» курс шинатӀегӀанехь хӀоттийна йу.

Хьалхарчу тӀегӀанехь хьалхадаккха дезарг йешаран корматалла шарйар ду, шолгӀачу тӀегӀанехь – дешархошна литературин говзалла карайерзор. 1-2-чу классашкахь йеша Ӏамадо; кхетар тӀехь, нийса йешарна, сиха а, къаьсташ а йешарна тӀехь болх; йешначун кхоллараллин маьӀна дан тайп-тайпана некъаш кхиор (графикин, дешан а, музыкин а иллюстрировани, драматизаци, ма-йарра а, йукъ-йукъара а, кхоллараллин йухасхьайийцар). Цуьнца цхьаьна йуьхьанцарчу классашкахь дӀаболабо йуьхьанцарчу классийн дешархойн литературни дешар тӀехь болх.

«Литературни йешар» предмет Ӏаморан шолгӀа тӀегӀа 3-4 классашна кхочу, цигахь йеша хааро зазадоккху, эстетикин йешаре а, талламан йешаре а декъа а луш.

«Литературин йешар» программа хӀотточу хенахь тидаме эцна школал хьалхарчу педогогикин а, йукъарчу йукъардешаран школашна леринчу «Нохчийн литературехула герггарчу белхан программин» зӀейалорах а.

Программо таро ло йалийнчу спискера говзарш дешархойн кечаман тӀегӀанца догӀуш харжа, ткъа иштта курсан чулацаман вариативни компонент харжа а, белхан программашкахь и кечйаро могуьйту тематикица а, проблематикица а герга йолчу говзаршкахь къоман башхаллаш а, йукъара дерг а къасторан Ӏалашонца Россин халкъийн литературе кховдар. Ткъа иштта программо таро ло Ӏаматийн авторшна йа дешаран цхьаьнакхетараллашна вариативни декъехь Ӏамо говзарш харжа.

## 1-ра класс (33 с)

**«Вайна гонахара дуьне» (5 сахьт)**

Пачхьалкахан а, къоман а билгалонаш (шатлакхан илли, хIост).

Беснаш. Светофор.

Школехь.

Iаламан дуьне (цIера дийнаташ а, акхарой а, олхазарш, сагалматаш, дитташ, хасстоьмаш, стоьмаш).

КIиранан денош.

Байташ, дагардарш, нохчийн абатан элпех хIетал-металш.

Вайн Даймохк

Самукъане абат

«Вайн Даймохк»

Соьлжа-ГIала

Вайн турпалхой

Халкъан хазна

Махмаев Ж. Дийцарш «Бераш – вайн хиндерг» йа Арсалиева Л. Байт «Соьлжа-ГIала» (вариативни дакъа).

Турпалхойх тексташ: Кадыров Ахьмад-Хьаьжа, Нурадилов Ханпаша, Шерипов Асланбек, Висаитов Мовлид.

«Вайн йаздархой»

Айдамиров А. Байт «Нана-мохк».

Сулейманов А. Поэма «Дахаран генаш» (кийсак).

Ахмадов М. Туьйра «Писулиг».

Гацаев С. Байт «Борз».

Халикова А. Байт «Зингат».

**«Халкъан барта кхолларалла»**

Аганан иллеш.

Чехкааларш.

Дагардарш.

Кицанаш.

ХIетал-металш.

Нохчийн халкъан туьйранаш: «Тамашийна йоI», «Хьекъале Iу» йа «Борззий, цхьогаллий, ломмий», «Цхьогаллий, пхьагаллий» (вариативни дакъа).

«Кхечу къаьмнийн литература»

Осеева В. А. Дийцарш «Цхьаьна», «Иштта дIа» (Петирова ПетIаматан гочдарш).

Сутеев В. Г. Туьйра «Iаж» (Петирова ПетIаматан гочдарш).

**2-гIа класс (68 сахьт)**

Долоран урок

Демеев I. Байт «Нохчийчоь»

«Уггар дика доттагI – жайна»

Ахмадов М. Байт «Жайна».

«Нохчийн халкъан барта кхолларалла.

Чехкааларш.

Дагардарш.

Кицанаш.

ХIетал-металш.

Нохчийн халкъан туьйранаш: «Бабин ЧIирдиг», «Зуьно дина хIилла», «Газа-гуьзалгаш».

Берийн фольклор. Забарш, берийн эшарш.

«Сан Даймехкан коьрта гIала»

Макалов Ш. Байт «Соьлжа-ГIала».

Хасаров Ш. Байт «СтиглагIала».

С. Яшуркаев. Байт «Светофор».

«Дашо гуьйре»

Макалов Ш. Байт «Гуьйре».

Сейлмуханов М. «Деса Iалам».

Тапалаева А. Туьйра «Малонча».

Батаева Х. Байт «Гуьйре».

Абубакарова П. Байт «Дешнех ловзар».

«Деша «СтелаIад» журнал!»

Макалов Ш. Байт «СтелаIад».

Толстой Л. Н. Текст-ойлайар «ХIорда чуьра хи стенга доьду?» (Бадаева Iайшатан гочдар).

Юсупов I. Байт «Дита хьоза».

«Сан доьзалан йовхо»

Сулейманов А. Байт «Нана».

Ахмадов М. Байт «Доьзал».

Гайсултанов I. Дийцар «БIоба эккхор».

Демеев I. Байт «Дадин зезаг».

Шамилов С. Туьйра «Жима цIа».

Махмаев Ж. Дийцар «Деза денош».

Гацаев С. Байт «Жимачу кIентан ойланаш».

«Марша да хьо, Керла Шо!»

Кагерманов. Д. Байт «ГIура-Дада».

Тапалаева А. Туьйра «Керла Шо кхана хир ду.

«Ӏа»
Хатуев Ӏ.-Хь. Байт «Керла луо».
Гадаев М.-С. Байт «Жимачу кӀентан илли».
Сейлмуханов М. Байт «Хьоза».
Яралиев Ю. Дийцар «КӀайн Ӏахар».
Мамакаев Э. Байт «Гуди».
«Ваха Ӏама»
Аболханов Хь. Байт «Ваха Ӏама».
Махмаев Ж. Дийцар «Дика лар».
Хатуев Ӏ.-Хь. Байт «Теша».
Ахмадов М. Дийцар «Дада волчохь, йуьртахь».
Яралиев Ю. Байт «Марха къобалдойла».
«Вайн кегий доттагӀий»
Демеев Ӏ. Байт «ГӀаз».
Хабаев И. Дийцар «Дингад».
Хасаров Ш. Байт «Жима кхор».
Хасаев Х. Дийцар «Лийчар»
Сакаева М. Байт «Кертахь лелаш нӀаьна йу».
«БӀаьсте йогӀу, бӀаьсте йогӀу!»
Сатуев Хь. Байт «БӀаьсте йогӀу»
Демеев Ӏ. Байт «Сан совгӀат»
Цугаев  С. Байт «Со мамел хьалха хьалагӀоттур йу…».
Макалов Ш. Байт «Сийна бӀаьсте».
Ахмадов М. Дийцар «БӀаьстенан гӀовгӀа».
Сейлмуханов М. Байт «Кхечи бӀаьсте».
Талхадов Хь. Байт «БӀаьсте»
Арсанукаев Ш. ХӀетал-металш.
«Даймохк»
Ахмадов М. Байт «Даймохк».
Бексултанов М. Дийцар «Даймохк хӀун йу?».
Абубакарова П. Байт «Соьлжа-ГӀала».
Окуев Ш. Байт «Даймохк».
Батаева Х. Байт «КӀиран ворхӀ де».
Хатуев Ӏ.-Хь. Байт «Къонах».
Анзорова Б. Байт «Турпала Ханпаша».
«Аьхке»
Макалов Ш. Байташ «Аьхке», «Къоршкъари».
Магомаева М. Дийцар «БаӀ».
«Кхечу къаьмнийн литература»

Толстой Л. Н. Туьйра «Воккха стаггий, хинаний» (Бисултанов Аптин гочдар).

Вежарий ГриммгӀар. Туьйра «Хударан кхаба» (Муртазов Ӏаднан гочдар).

**3 класс**

Долоран урок

Макалов Ш. Байт «Ларделаш латта».

«Кхетаман орам»

Демеев I. Байт «Кхетаман орам».

«Гуьйре»

Гацаев С. Байт «ДогIа догIуш ду».

Сакаева М.  Байт «Йац хьо, гуьйре, дагна чевне».

Хасаев Хь. Дийцар «Шийла Iуьйре».

Сулейманова З. Байт «ГIаргIулеш».

«Берийн йаздархой»

Гайсултанов I. Дийцар «Iалам хаздан диэза».

Саракаев Хь. Байт «Дика кIант Муса».

Кагерманов Д. Байт «Маьлхан хIуш».

Махмаев Ж. Дийцар «ГIуралгаш».

«Йаздархойн туьйранаш»

Гелагаев С.-М. Байт «Туьйранан новкъадалар».

Дикаев. Б. Туьйра «КIайн полларчий стенга даха-те?»

Сулейманова З. Туьйра «Догмайра Шахьсан».

Тапалаева А. Туьйра «Массарна дерг – ловзар».

«Хиндолу хьоза бенахь дека»

Магомадов. М. Дийцар «Дуьххьарлера толам».

Дакаев С. Байт «Дош».

Гайсултанов I. Дийцар «ЯрагIи».

«Жима, доккха дуьне»

Батаева Х. Байт «Хьуьно патар хецна…».

Мамакаев Э. Байт «Iелий, киттий, аьшпашший».

Пашаев Н. Байт «Барзо диъна моз».

«Iалам»

Гацаев С. Байт «Хьуьнах».

Ахмадов М. Туьйра «ГIундалгIеш, цIазамаш, муьргаш, комарш».

Гелагаев С. Байт «Олхазарийн къамел».

Мамакаев М. Байт «Хьуьнан илли».

«Iа»

Ахмадов М. Байт «Керла Шо».

Дикаев М. Байт «Iаьнан бIаьргаш».

Умхаев Хь. Байт «Шийла Iа».

Алиев М. Дийцар «Пхьар».

«ДоттагIалла»

Цуруев Ш. Байт «ДоттагӀалла».
Макалов Ш. Туьйра «Кхо полла».
Бексултанов М. Дийцар «ДоттагӀа».
Демеев I. Байт «ДоттагӀчуьнга кехат».
«Кхечу къаьмнийн фольклор»
Оьрсийн халкъан туьйра «Тамашийна тамаша, Iаламате Iаламат» Петирова ПетIаматан гочдар).
Гуьржийн халкъан туьйра «Уггар нуьцкъалниг».
Iаьрбийн халкъан туьйра «Синдбад-ХIордахо».
«ГIиллакхан гIала»
Расумов В. Дийцар «ГIиллакхан гIала».
Закриев I. Дийцар «Пеша уллехь къамелаш»
Ахмадов М. Байт «Марха досту де».
«БIаьсте»
Бексултанов М. Дийцар «БIаьсте».
Сейлмуханов М. Байт «Зезагаш».
Хасаев Хь. Дийцар «Баркалла».
Ахмадов М. Байт «БIаьстенан ловзар».
Гайсултанов I. Дийцар «ЧIегIардиган бен».
«Нохчийн махкахь»
Бухадиев М. Байт «Нохчийн махкахь».
Пашаев  Н. Байт «Даймахке марзо».
Хамидов I.-Хь. Байт «Зезаг ду бацалахь лепаш…».
Абдулаев Л. Байт «ХIораннан а шен мотт бу».
Батаева Х. Байт «Йовза кIорнийн цIераш».
Бексултанов М. Дийцар «Турпалхо мила ву?»
Ахмадов М. Дийцар «ТIергIан пазаташ».
Б. Анзорова. Байт «Ма гойла».
«Нохчийн фольклор»
Туьйра «Маьлхан а, бухIанан а къовсам».
Туьйра «КхорбIелиг».
Притча «Ден весет».
Туьйра «Къинхетаме кIант».
Туьйра «ХIунда ду пхьагалан балда даьттIа?».
Туьйра «Таллархо».
«Аьхке»
Хатуев I.-Х. Байт «Аьхке».

**4 класс**

Долоран урок

Мамакаев М., Гадаев М.-С., Сулейманов А. Даймахках лаьцначу байташ йукъара кийсакаш.

«Дай баьхна латта»

Дакаев С. Байт «Нохчийчоь».

Мусаев С. Дийцар «Орамаш».

Шайхиев I. Байт «БІаьвнаш».

Ахмадов М. Байт «Нохчийн шира кхерчаш»

«Вай дуьнен чохь деха…»

Яралиев Ю. Притча «ВорхI лам».

Макалов Ш. Туьйра «Маьлхан хьехам».

Бексултанов М. Дийцар «Баьпкан цуьргаш».

Цуруев Ш. Байт «ДоттагІий-бІаьвнаш».

«Исбаьхьа Іалам нохчийн поэзехь»

Мамакаев М. Байт «Гуьйре».

Арсанукаев Ш. Байт «Гуьйренан тІуьначу бешахь ду тийна…».

Гацаев С. Байт «Суна хьуьнхахь деши гира…»

Айдамиров А. Байт «Аьхкено кхелина дитташ…».

Кибиев М. Байт «Ломахь Іа».

Бисултанов А. Байт «Илли ду-кх хьо, Іа».

Жумалаева Л. Байт «Буьйсанан илли».

Мамакаев I. Байт «БІаьстенан йуьхь».

Саидов Б. Байт «Кемсийн га».

Окуев Ш. Байт «Тхи».

«Бераллин туьйра»

Пашаев. Н. Байт «Бералла».

Магомаева М. Дийцар «Гуьйренан совгІаташ».

Дикаев М. Байт «Нохчийн хІусам».

Курумова С. «Ца йиначу ненан хІусамехь» повесть йукъара кийсакаш.

Гадаев М.-С. Дийцар «ДоттагІ».

Эдилов Х.-М. Байт «Луо ду догІуш».

Эльдерханова З. Дийцар «Деца йеъча».

Ошаев Х. Пьеса «Полла».

«БІе эзар дика гІуллакх»

Ахмадов М. Туьйра «БІе эзар дика гІуллакх».

Кагерманов Д. Дийцар «ТІай».

Рашидов Ш. Байт «ГІаргІанаш».

Берсанов Хь.-А.. Дийцар «Кхерам».

«Бовза, беза вайн Даймохк»
Легенда «Муха хIоьттина ГаланчIожара Iам».
Легенда «Къоьзан-Iам».
Легенда «Терк».
Ахмадов М. Байт «Нохчийн хиш».
«Исбаьхьчу Iаламан къайленаш»
Яшуркаев С. Байт «Полларчийн вай даьлла».
Яралиев Ю. Дийцар «Хьаьмцан маса лаг хуьлу?»
Дикаев М. Байт «Лай кIелахь кхиъна буц».
Чантиев I. Туьйра «Искогберггий, чIарий».
Хасаев Хь. Дийцар «Аьхке».
Бексултанов М. Дийцар «Гуьйре».
Махмаев Ж. Байт «Тидамаш».
«Даймехкан декхаро гIаттийна вогIу со»
Сулейманов А. «Дахаран генаш» поэми йукъара кийсакаш.
Умхаев Хь. «Шайх-Мансурах илли».
Халкъан предани «Адин Сурхо».
Мусаев С. Дийцар «Дахар маьрша хилийта…».
Ахмадов М. Дийцар «Даймехкан мукъам».
Сулейманова З. Байт «Эсамбаев Махьмудна».
Айдамирова М. Дийцар «Жима верас».
«Ненан мотт»
Ахмадов М. Дийцар «Кхаа дашах дийцар».
Абдулаев Л. Байт «Ненан мотт».
Гелагаев С.-М. Байт «Шовдано боху соь…».
«Суна сирла дахар деза»
Рашидов Ш. Байт «Суна сирла дахар деза».
Батаева Х. Байт «Жимачу йоьIан гIан».
Абдулаев Л. Дийцар «Нана, бIаьсте…».
«Фольклор»
Предани «Беттаса».
Туьйра «Майрачу кIантах туьйра».
Предани «Берзан дуй».
«Кхечу къаьмнийн литература»
Лермонтов М. Ю. Байт «ХIорд-кема» (Абдуллаев Лечин гочдар).
Боллигер М. Дийцар «ТIай» (Хаджиева З. гочдар).
Леонардо да Винчи. «Мотт а, церган а», «Зингат а, кIен буьртиг а» притчаш (Джанаралиев Iимранан гочдарш).
Дерзоран урок

Кусаев I. Байт «Сан доттагIий».

Авторски программаш хIиттийнчеран а, хьехархойн-предметикийн а бакъо йу йеллачу спискера муьлха литература классал арахьарчу йешарна мегар йу аьлла харжа.

Классашка бекъначу Iаморан чулацамна улле тоьхна Iаморан процессан гIуллакхаллийн хIара тIедузарш ду.

**ЛадогIар**

Нохчийн меттан хьоле хилар а, къоман культурин мехаллаш а гойтуш йолу исбаьхьаллин говзарш лерсица схьалацар а, царах кхетар а; лерсино схьалаьцначу текстах лаьцна деллачу хаттаршна жоьпаш дала хаар а, лерсино схьалаьцначу текстан чулацамца хаттарш дан хаар а.

**Йешар**

*Хезаш йешар.* Дешдакъошца йешарна тIера жим-жимма довлуш дийнна дешнаш шера а, кхеташ а деша хаарна тIедовлар (текстах кхета таро лучу йешаран индивидуальни боларца догIуш йешаран чехкалла (масалла). Йешаран орфоэпически барамаш ларбар. Кепана а, тайпанна а цхьатера йоцучу текстийн маьIнийн башхаллаш аз айдеш хийцарца схьагайтар.

*Дагахь йешар***.** Барамца а, жанраца а тIелаца аттачу говзарийн маьIнех дагахь йоьшучу хенахь кхетар. Йешаран тайп-тайпанчу кепийн башхаллех кхетар.

*Халкъан барта кхолларallин говзарш йешар:* нохчийн фольклоран текст къоман ламастийн а, мехаллийн а хьоста санна.

*Исбаьхьаллин говзарийн тексташ йешар,* шайна чохь бIеннаш шерашкахь схьайеана йолу къоман синкхетамна ладаме йолу гIиллакх-оьздангаллин мехаллаш а гойтуш йолу: Даймахке безам, тешам, нийсо, сий, къинхетам, догдикалла, догцIеналла, къинхегамна тIера хилар, бакъо, майралла, и. кх.дI. Нохчийн къоман ламасташ: цхьаалла, вовшийн гIо дар, хьаша-да тIелацар, и. кх.дI. Доьзалан мехаллаш: баккхийнаш ларар, «нана», «да», «дада», «баба», «йиша», «ваша» бохучу дешнийн мехалла, вовшийн ларар, безам, вовшех кхетар, терго, собар, да-нана ларар. Нохчийн литературехь халкъан ламасташ а, Iадаташ а гайтар.

*Нохчийн бераллин дуьне:* кхиар, гонахарчу дуьненаца, баккхийчаьрца, нийсархошца йолчу йукъаметтигийн башхалла; ша нохчийн Iадаташ дIакхоьхьург а, орамашца зIе а хиларх кхетар. Турпалхойн леларийн синхаамийн-оьздангаллин мах хадор.

Нохчийн литерурин башхаллех кхетар: турпалхочун чоьхьара дуьне деллар, цуьнан лазамаш бовзар; оьздангаллин проблемашка кховдар. Iаламан дуьненах болу нохчийн къоман поэтически хьежам (малхе, арене, хьуьне, хига, ломе, дитте, дийнатийн дуьнене, и.кх.дI.) нохчийн поэзехь а, прозехь а. Гонахарчу дуьненан хьал адаман синхаамашца дустар.

*Хаамийн тексташ йешар*: говзаршна историко-культурин комментарий, Iамочу говзарийн авторийн биографех къаьстина хаамаш.

**Къамел дар (къамел даран культура)**

*Диалоган а, монологан а къамел.* Йешна тексташ коллективехь йийцаре йарехь дакъалацар, текстана тІе а тийжаш, шен хьежам тІечІагІбар; нохчийн исбаьхьаллин литературин специфика гойтуш долу аларш. Дешнийн тІаьхьало йузар (дешнаш хаар тІедузар). Хезна йа йешна йолу текст коьртачу дешнашна а, текстана йолчу иллюстрацишна а тІе а тийжаш, схьайийца (текст ма-йарра, йоцца, харжамца схьайийцар).

Дешаран хьелашкахь къоман къамелан культурин бухехь йолу гІиллакхан кепаш а, чІагІйелла формулаш а, хьасене хиларан принципаш а ларйар.

Дешархойн харжамца байташ дагахь йийцар.

**Йоза (йозанан къамелан культура)**

Іамочу говзаршкахь хІиттийнчу проблемашкахула доцца йозанан аларш кхоллар (кечдар).

**Библиографин культура**

Йийцаре йечу проблематикица йогІу киншкаш харжар, цу йукъайогІу Іаматехь йалийна йолу шаьш йеша билгалйина говзарш. Нохчийн культурех хаамаш болу дешархойн хенаца йогІучу дошамех а, энциклопедих а пайдаэцар.

**Литературоведенина йукъадалор**

Текстан анализ йечу хенахь Іамийнчу литературин кхетамех пайдаэцар.

Іамочу говзарийн жанрийн тайп-тайпаналла: фольклоран кегий а, йаккхий а кепаш; литературин туьйра; дийцар, притча, байт. Прозин а, поэзин а къамел; исбаьхьаллин кхоллар; сюжет; тема; говзаран турпалхо; портрет; пейзаж; ритм; рифма. Дустарийн а, метафорийн а къоман шатайпаналла; исбаьхьалин къамелехь церан маьІна.

**Дешархойн кхоллараллин гІуллакх (Іамийнчу литературин говзарийн буха тІехь)**

Дешархойн кхоллараллин гІуллакххехь литературин говзаран маьІна дар: ролашца йешар, инсценировка йар; хьасене хиларан декхарш тидаме а оьцуш (тайп-тайпанчу адресаташна) исбаьхьаллин говзаран буха тІехь шен барта йа йозанан текст кхоллар; говзарна йолчу иллюстрацишна, нохчийн художникийн суьртийн репродукцишна тІе а тийжаш.

**«Ненан (нохчийн маттахь) литературни йешар» дешаран предметан программа карайерзоран кхочушдан лору жамІаш**

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет «Ненан мотт а, ненан маттахь литературни йешар а» предметан декъехь Іаморан жамІаш цхьаьнадогІуш ду йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан стандартехь билгалйинчу дешаран предметан программа карайерзоран кхочушдан лоручу жамІийн лехамашца.

ЛИЧНОСТНИ ЖАМІАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» предмет Іаморан жамІаца дешархо кхочур ву кхетош-кхиоран гІуллакхан кху дакъошкахь хила дезачу хІокух жамІашка:

***гражданско-патриотикин кхетош-кхиорехь:***

— Шен Даймахке – Россига а – шен жимчу Даймахке – Нохчийн Республике (Нохчийчоьне) а безам кхоллабаларе, цу йукъадогІу и безам мехкан а, Даймехкан а культура а, истори а йовзуьйтуш йолу исбаьхьаллин говзаршкахула кхоллар;

— Шен этнокультурин а, Россин граждананаллин а идентичностах кхетар а, нохчийн мотт Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт а, шен ненан мотт а хиларх кхетар;

— Шен мехкан а, Даймехкан а дІадаханчун а, карарчун а, хиндолчун а ша дакъа хиларх кхета, цу йукъадогІу исбаьхьаллин говзаршца болх бечу хенахь и хьелаш дийцаре дар;

— Шен а, кхечу а къоме ларам хилар, цу йукъадогІу и ларам исбаьхьаллин говзарийн а, фольлоран а масалш тІехь кхоллар;

— адамах йукъараллин цхьана декъашхочух санна болу а, бакъонех а, жоьпаллех а, стаг ларарх а, ларамах а, гІиллакх-оьздангаллин барамех а, йукъаметтигех болу а йуьхьанцара хьежам, цуьнца цхьаьна иза фольклоран а, исбаьхьаллин а говзаршкахь гайтар а;

***иманехь кхетош-кхиоран:***

— хІора стеган шатайпаналла, шен дахаран а, йешаран а зеделлачунна тІе а тийжаш, тІелацар;

— къинхетам, ларам, диканиг лаар гайтар, цуьнца цхьаьна шена хетарг а, синхаамаш а бовзийта меттан гІирсех пайдаэцар; кхечу адамийн синхаамашна сема хилар, царах кхетар, церан гІо лаца кийча хилар;

— кхечу адамашна дегІана а, сина а зен дан тІехьажийна долу цхьа а хІума тІецалацар (цу йукъахь ду маттаца деш долу зен а);

— нийсархошца болх бар, девне ца хила хаар а, Іоттабаккхаме меттиг нисйелча, и листа хаар а, цу йукъахь ду исбаьхьаллин говзарех масал эцар а;

— **эстетикин кхетош-кхиорехь:**

— исбаьхьаллин культурин ларам бар а, и йовза лаар а, шен къоман а, кхечу къаьмнийн а искусствон тайп-тайпана кепаш тІелацар а, цаьрга ларам хилар а;

— исбаьхьаллин гІуллакхан тайп-тайпанчу кепашкахь ша гайта лаар, цу йукъахь йу дешан говзалла а;

— **физически кхетош-кхиорехь, могашаллин а, синкхетаман а культура кхолларехь а:**

— тIетоьхна хаамаш лохучу хенахь могаш а, кхерамза а (шена а, кхечарна а) долчу дахаран бакъонаш (цу йукъайогIу хаамийн кхерамазалла) ларйар;

— къамел дечу хенахь дегIан а, синкхетаман а могашаллица кхоаме хилар, къамелан культура а, тIекаренан бакъонаш а ларйар;

***къинхьегаман кхетош-кхиор:***

— стеган а, йукъараллин а дахарехь къинхьегам мехала хилар кхетар (цу йукъахь ду исбаьхьаллин говзарех масал эцар а), къинхьегаман стоьмийн тIалам бар, болх баран тайп-тайпанчу кепашкахь дакъалацар, исбаьхьаллин говзаршкара масалш дийцаре дечу хенахь тайп-тайпана говзаллаш карайерзон лаар;

***экологин декъехь кхетош-кхиор:***

— teксташца болх бечу хенахь кхоллалуш долу Iаламаца кхоаме хилар;

— цунна зен деш долу хIума тIецалацадалар;

***Iилманан хаарийн мехалла:***

— дуьненах болу Iилманан хьежам кхоллабалар (сурт хIоттар), цуьнан цхьа дакъа ду литературоведчески кхетамаш Iаморан процессехь а;

— хIума довза лаар, жигаралла, хIума дагадар, хааршна сутара хилар, хIума довза лаарехь шен ойла хилар, цу йукъахь ду исбаьхаьллин говзарш йеша лаар а, шен йешаран гуо хоржучохь жигара хилар а, ша и харжар а.

МЕТАПРЕДМЕТНИ ЖАМIАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературин йешар» предмет Iаморан жамIаца дешархойн кхоллалур ду дешаран довзаран хIара хаарш.

**Коьрта маьIнийн кхочушдарш:**

— тайп-тайпана текстaш вовшашца йуста, текстaш йустарна бухе даxкарш билгалдан, тера йолу текстaш билгалйан;

— билггалчу цхьана башхаллашца текстaш цхьаьнатоха;

— кицанийн, аларийн, фразеологизмийн классификаци йархьама кхачаме хир йолу билгало билгалйан;

— хьехархочо шайна хьехначу тидам баран алгоритмаца текстaшкахь цхьаьнадар а, цхьанацадар (бIостаналла) а каро; текстан анализ йарехь кхочушдарийн алгортиман анализ йан, текстан анализ йарехь шаьш кхочушйийр йолу дешаран операци харжа;

— хьехначу алгоритман буха тIехь декхар кхочушдан оьшу хаамаш кхачо йолуш цахилар билгалдан, тIетоьхна хаамаш лахар билгалдан;

— текстан анализ йечу хенахь бахьанийн-тIаьхьалонан зIенаш билгалйан, жамIаш дан.

**Коьрта талламан дараш:**

— педогогикин белхахочун гІоьнца Іалашо билгалйан, къамелан хьоле хьаьжжина, шен вистхилар хийцаран план хІотто;

— тІедиллар кхочушдаран масех кеп вовшашца йуста, мелла а йогІуш йерг (схьайеллачу критерийн буха тІехь) харжа;

— схьайеллачу планаца чолхе боцу жима таллам дІабахьа, схьайеллачу планаца проектан тІедиллар кхочушдан;

— жамІаш дан а, текстан маьІнийн анализ йаран буха тІехь долчу тоьшаллашца уьш тІечІагІдан а;

— схьайелла йолчу текстан материалан анализ йаран процессехь хьехархочун гІоьнца хаттарш хІитто;

— цхьатерачу йа цхьатера догІучу хьелашкахь процесс дІайахаран а, хиламийн а, церан тІаьхьалонан а хила тарлуш долчун сурт хІотто.

**Хаамашца болх:**

— Хаамаш схьаэцаран хьоста харжа: оьшу дошам, лохуш болу хаам карорхьама оьшу куьйгалла, тІечІагІдархьама;

— Схьайеллачу алгоритмаца догІуш, даррехь схьабелла хаамаш билгалдинчу хьостанехь каро: дошамашкахь, куьйгаллашкахь;

— Хаамаш бакъ йа харц хилар шайна гучудала йа хьехархочо билгалдинчу хьостанан буха (дошамашкахь, куьйгаллашкахь, Іаматехь) тІехь каро;

— Баккхийчийн (педагогикин белхахойн, дай-нанойн, бакъо йолчу векалийн) гІоьнца Интернетехь хаамаш лахаран кхерамзаллин бакъонаш ларйан;

— Дешаран декхаршца догІуш, текстан, графикин, видео, озан хаамаш кечбан;

— Таблицийн а, схемийн а кепехь балийнчу хаамех кхета; тексташца бинчу белхан жамІаш гайтархьама шаьш таблицаш а, схемаш а хІитто.

Йуьхьанцарчу школехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочун кхоллало **коммуникативни** дешаран дараш.

**ТІекаре:**

— Бевзачарна йукъахь тІекаре хиларан Іалошонашца а, билламашца а догІуш, синхаамаш бовзийта а, хетарг тІелаца а, и цхьана кепе дерзо а;

— Шеца къамел дечуьнца лараме хила а, диалог а, дийцаре дар а дІадахьаран бакъонаш ларйан;

— Тайп-тайпана хьежамаш хила йиш йолуш хилар тІелаца;

— Шена хетарг нийса а, бух балош а довзийта;

— ХІоттийнчу Іалашонца догІуш шен къамел дІахІоттор;

— Къамелан хьолаца догІуш барта а, йозанан а тексташ кхолла (довзийтар, ойлайар, дийцар);

— Шимма цхьаьна а, тобанца а бинчу белхан а, тидаман а, кхочушбинчу жимчу талламан а, проектан тІедилларан а жамІех лаьцна доцца къамел кечдан;

— вистхиларан (къамелан) текстана гайтаман материал (дехкина

суьрташ, даьхна суьрташ, плакаташ) кечйан (къасто).

**Цхьаьна кхочушден гIуллакхаш:**

— йоццачу а, йехачу а ханна лерина Iалашонаш (цхьаьна кхочушдаран декхаршкахь дакъалацар тидаме оьцуш индивидуале) хьехархочо йалийнчу план хIотторан кепан буха тIехь стандартан хьолехь, йукъара гIулчаш а, хенаш а дIасайекъар;

— цхьаьна болх баран Iалашо тIелаца, и кхочушйарехь дан дезарг цхьаьна вовшахтоха: ролаш дIасайекъа, цхьаьна беш болчу белхан процесс а, жамI а дийцаре дан;

— куьйгалла дан, тIедиллар кхочушдан, ладогIа, хIоьттина хьал ша листа кийча хилар;

— шен белхан дакъа жоьпалле кхочушдан;

— йукъарчу жамIе ша диллинчу декъан мах хадо;

— схьаделлачу масалшна тIе а тийжаш, цхьаьна вовшахтоьхна проектийн тIедахкарш кхочушдан.

Йуьхьанцарчу школехь дешар чекхдолучу хенахь дешархочун кхоллало **регулятивни** дешаран дараш.

***Шен низам хилар:***

— жамI хилийтархьама дешаран декхарш кхочушдарехь шен гIуллакхийн план хIотто;

— ша билгалдинчу кхочушдарийн рогIалла хIотто.

***Шаталлар:***

— дешаран гIуллакхан кхиаман/эшаман бахьанаш билгалдан;

— къамелан гIалаташ а, текстан анализ йарца доьзна гIалаташ а дIадахархьама шен дешаран кхочушдарш нисдан;

— текстийн анализ йарехь хIоттийнчу декхарца жамI дуста;

— тексташца болх бечу хенахь далийтина гIалат каро;

— шен а, шеца цхьаьна доьшучеран а кхочушдарийн жамIаш дуста, схьайеллачу критеришца церан богIу мах хадо.

## ПРЕДМЕТНИ ЖАМIАШ

«Ненан (нохчийн) маттахь литературни йешар» дешаран предмет деа шарахь Iаморо кхочушдан дан деза:

Iамочу маттахь йолчу литературин Россин Федерацин цхьаъйолчу культурин шоралехь а, Россин Федерацин халкъийн литератураш йукъахь а, историко-культурин, оьздангаллин, эстетекин мехаллаш Iалашйарехь а, цхьана тIаьхьенера вукху тIаьхьене йаларехь а йолчу меттигах а, ролах а кхетар:

- Исбаьхьаллин литература искусствон (дешан искусствон) цхьа башха дакъа санна, тIелаца;
- Дешан кхоллараллин говзарш искусствон кхечу кепашца (суртдиллар, музыка, суртдаккхар, кино) цхьаьнайуста;
- Тайп-тайпанчу къаьмнийн литератураша вовшашца цхьаьна болх барх а, вовшашна тIеIаткъам барх а, Россин Федерацин субъектан культурин а, гIиллакх-оьздангаллин а, эстетикин а

йуьхь кхолларехь къоман фольклоро а, исбаьхьаллин литературо а лоцучу декъах йуьхьанцара хьежам (хаарш) хила;

- Россин Федарийн къаьмнийн а, дуьненан къаьмнийн а исбаьхьаллин говзарш йустучу хенахь йукъара дерг а, башха дерг а каро;

1) МаьIна даран йешар карадерзор а, литературин теорин коьртачу элементийн маьIнех а, ойланех а кхетар:

- МаьIна даран хезаш йешаран техника карайерзор (дешаран тайп-тайпана декхарш а, киншкица хьан-сан хиларан хьогамах садузоран а, Iалашонца тайп-тайпанчу кепийн, жанрийн, тIехьажорийн текстийн маьIнех кхета а, тIелаца а, маьIна дан а тарлуш долу нийса шера йешар, йешар ладогIархоша кхеташ тIелацар);
- МаьIна даран дагахь йешаран техника карайерзор (йешначун маьIнех а, чулацамах а кхетар, хаамийн мах хадор, текстан маьIна нийсадаран а, и тIелацаран а кхачаме хиларна тIехь тергам латтор);
- Фольклоран говзарийн кегий жанраш вовшах къасто (фольклоран кегий жанраш, туьйранаш, легендаш, мифаш);
- Шен къоман фольклоран говзарийн коьртачу маьIнех а, тIехьажорах а кхета (хазахетар дан, Iамо, ловзарехь пайдаэца), шен къоман (кхечу къаьмнийн) туьйранийн, хIетал-металийн, кицанийн, аганан иллийн масалш дало;
- Гергарчу меттанийн фольклоран говзарш вовшашца йуста (тема, коьрта тема, турпалхой);
- Говзаран цIе цуьнан темица (Iаламах, историх, берех, диканах, вонах) цхьаьнайало (йуста);
- Шен къоман (кхечу къаьмнийн) берийн литературин исбаьхьаллин йоца жанраш вовшех къасто – байт, дийцар, басня;
- йешначу литературин говзаран анализ йан: тема, коьрта Iалашо, хиламийн рогIалла, исбаьхьаллин вастийн гIирсаш билгалбан;
- текстан чулацамехула хаттаршна жоьпаш дала;
- текстехь ненан меттан суртхIотторна а, вастийн а гIирсаш каро (эпитеташ, дустарш, олицетворениш);

2) текстехь беллачу хаамах кхетарна а, тIелацарна а Iамор, дешархойн йешаран а, эстетикин а чам кхоллар:

- тайп-тайпана (исбаьхьаллин, Iилманан, куьйгаллин) тексташ йешаран Iалашо билгалйан;
- йешаран хьагам йухатоха (кхочушбан), хаамаш каро, хаарийн гуо шорбан;
- Iаморан а, практикин а декхарш кхочушдархьама, йешаран тайп-тайпана кепаш (довзаран, талларан, къастийна, лахаран) каро;
- Текстана хаттарш хIитто, и схьайийцаран а, изложени йазйаран а план хIотто;

- Шаьш йеша лаам гайтар, авторан цIарна, говзаран жанрана, киншкина йолчу иллюстрацина тIе а тийжаш, шайн йешаран сатийсар билгалдар;
- Фольклоран говзарш ролашца йеша, уьш драме йерзорехь дакъалаца;
- Нийсархошца долчу литературин темина дийцаре даршкахь дакъалаца, шайн хьежамийн бух бало;
- фольклоран материала тIехь кхоллараллин белхан кхочушбан (туьйранан чаккхе, хIетал-метал кхоллар, дакъалоцуш верг (турпалхо) хийца а хуьйцуш, схьайийцар).

**Предметан жамIаш дешаран шеращца**

## 1-ра класс

дешархочунна **Iемар ду:**

– нохчийн литературин говзарийн маьIна даккхаран элементарни кепаш карайерзо;

– нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух къамел шардарехь пайдаэца: ладоьгIна/йешна текст йиийцаре йарехь дакъалаца;

– дешан маьIнех совнаха хаамаш бовзархьама Iаматан дошамах пайдаэца;

– шайн харжамца байтийн говзарш дагахь йиийца;

– шерра хезаш йеша, саца а соцуш дешдакъошца а, дийнна дешнашца а, йешаран индивидуальни болар тидаме а оьцуш;

– лерсица схьалаьцначу а, ткъа иштта классехь йешначу а йоцачу говзарийн чулацамах кхета, царна йукъара коьрта логически дакъош къасто а;

– йешначун маь1нех а кхеташ, текстан маркировка йина меттигаш шайн дагахь йеша;

– тайп-тайпанчу авторийн 3-4 байт дагахь 1амо;

– киншки тIехь «Чулацам» йа «Корта» агIо каро; «Чулацамна» тIе а тийжаш, киншки тIехь оьшу говзар каро;

– говзаран текстехула хаттарш дан а, текстах пайда а оьцуш, жоьпаш дала а;

– прозехь йазйина говзар байтах къасто;

– фольклоран кегий жанраш къасто: хIетал-метал, дагардар, чехкаалар, аганан илли;

– текстехь исбаьхьаллин сурткъагоран гIирсаш (йух-йуха алар; дешнийн хьастаран-жимдаран кеп, айдаран а, хаттаран а хьаьркаш, рифмаш) каро;

– туьйранийн сюжетан-композицин башхаллаш къасто;

– йешначун чулацамах кхета; кхета а кхеташ, йешаран интонаци, болар а, тестан башхаллашца догIуш, оьшу соцунг1аш а харжа;

– исбаьхьаллин говзар (цуьнан фрагменташ) ролашца а, зIенаца а йеша;

– иллюстрацешка хьовса а, текстан цхьаьнайогIучу фрагментаца йа коьртачу ойланца (синхаамца, сагатдарца) уьш йуста а;

– фольклоран кегий жанраш (хIетал-метал, дагардар, аганан илли) практикехь карайерзо а, суртхIотторан гIирсийн (йиш-маIаш, уьшарш, интонаци) гIоьнца церан инсценировка йан а;

– билггалчу тексташна йогIу иллюстрациш каро, тексташ а, иллюстрацеш а вовшашцa йуста;

– говзаршна суьртийн репродукцеш лаха, говзаран идеяца богIуш болу мукъамаш харжа.

**2-г1а класс**

дешархочунна Iемар ду:

– йешначун оьздангаллин чулацамах кхета, турпалхойн леларш оьздангаллин барамашцa дуста;

– нохчийн литературин говзарш йешаран процессехь йешаран хаарш шардар: хезаш а, дагахь а йеша, исбаьхьаллин а, дешаран а текстийн маьIна даран приемех кхета;

– нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух къамел шардарехь пайдаэца: ладоьгIна/йешна текст йиийцаре йарехь дакъалаца, текстана тIе а тийжаш, шена хетарг тIечIагIдан;

– шайн йешаран гуо хьоле бан;

– йешначу а, ладоьгIначу а говзарех хетарг искусствон кхечу кепех хиллачу синIаткъамца дуста;

– дийнна дешнаш хезаш деша, индивидуале таронашка хьаьжжина, йешаран чехкалла жим-жимма алсам а йоккхуш;

– довзаран а, бIаьргтохаран а, хаьржинчу а, талламан а йешаран процесссехь дагахь йеша;

– доцца монологан алар хIотто: хьехархочун хаттарна доца а, даьржина а жоп;

– шеца къамел дечуьнга ладогIа (хьехархочуьнга а, классехь цхьаьна доьшучаьрга а): цхьамма делла жоп тIаьххье ца дала, кхечо делла жоп керлачу чулацамца тIедуза;

– нохчийн литературин 2–3 классикан цIе йаккха;

– кхузаманан 2–3 йаздархочун (поэтан) цIе йаккха;

– говзарийн цIерш йаха а, церан чулацам боцца схьабийца а;

– дукхавезачу авторнан говзарийн цIерш йаха а, церан чулацам боцца схьабийца а;

– говзаран тема а, коьрта маьIна а билгалдан (хьехархочун гIоьнца);

– говзарийн турпалхойн амалийн (церан цIерш, портреташ, къамел) а, церан леларийн а мах хадо а, характеристика йала а;

– Дешнийн маьIнех кхетархьама МаьIнийн дошамах пайдаэца.

– хьехархочо йоьшуш йолу текст Iалашонна тIехьажийна тIелацаран буха тIехь аудированин корматалла кхиор;

– йешначун чулацамах болу шен хьежам барта бовзийта;

– тайп-тайпанчу авторийн 6–8 байт дагахь схьайиийца (харжамца);

– жимачу бараман текст йуха схьайиийца;

– ишколин библиотекехь киншкаш а, берийн муьран журналаш а хоржучу хенахь мужалтан чулацамах а, ткъа иштта «Чулацам» йа «Корта» агIонах а пайдаэца;

– дарсашкахь бечу балха йукъа хрестоматин а, ткъа иштта цIерачу а, школин а библиотекийн киншкара тексташ йало;

– говзаран текстана хаттарш дан а, хаттаршна жоьпаш дала а;

– туьйра а, дийцар а вовшах къасто;

– авторийн берийн поэзехь фольклоран жанрийн башхаллаш каро: туьйранан, дагардаран, чехкааларан, аганан иллин сюжетни-композицин башхаллаш;

– дуьнене поэтически хьежам хиларан башхалла стенца йу кхета;

– дуьнене поэтически хьежам байташкахь гайтина ца Iаш, прозехь а гойтуш хилар гучудала;

– йешначун чулацамах кхета;

– текстан башхаллица догIуш ма-хиллара оьшуш долу болар а, соцунгIаш а, азъайдар а кхета а кхеташ, харжа;

– исбаьхьаллин говзарш ролашца а, кар-кара луш а йеша;

– программехь билгалйина исбаьхьаллин говзарш лерсица синхааме тIеэца;

– поэзин а, прозин говзарш къегина (къаьсташ) йеша;

– исбаьхьаллин говзарш ролашца а, кар-кара луш а йеша;

– программехь билгалйина исбаьхьаллин говзарш лерсица синхааме тIеэца.

## 3-г1а класс

**дешархочунна Iемар ду:**

– нохчийн литерутурин говзарш Iаморан буха тIехь нохчийн меттан хьасене-эстетикин таронех кхета;

– ненан меттан литературех къоман эхь-бехк а, ламасташ лардаран а, схьакховдоран а къоман-культурин гIирс санна мехаллех кхетар;

– турпалхойн леларийн оьздангаллин мах хадо а, цуьнан бух бало а;

– нохчийн литературин говзарш йешаран процессехь йешаран корматталла шарйан: хезаш а, дагахь а йеша, исбаьхьаллин а, Iилманан а, дешаран а текстийн анализ йаран а, маьIна даран а зеделларг хила;

– нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух къамел шардарехь пайдаэца: ладоьгIна/йешна текст йийцаре йарехь дакъалаца, текстана тIе а тийжаш, шена хетарг тIечIагIдан; йешначу йа ладоьгIначу текстан кепе хьаьжжина, и схьайийца (йерриге йа йоцца), дакъалоцучу турпалхойн цIарах литаретурин говзар схьайийца;

- текстах кхетархьама а, кхин совнаха хаамаш бовзархьама а куьйгаллин хьостанех пайдаэца;
- йешаран индивидуале болар тидаме а оьцуш, нийса а, къаьсташ а дийнна дешнаш хезаш деша;
- хьалха довзаран йешарехь а, йуха бIаьртохаран йешарехь а, харжаман а, йуха талларан йешарехь а дагахь йеша;
- Iамочу говзарийн авторийн – йаздархойн а, поэтийн а цIерш йаха, церан говзарийн цIерш йаха а, классехь йешначу текстийн чулацам боцца схьабийца а;
- дукха везачу литературин турпалхочух дийца;
- турпалхочуьнга йолу авторан ойла билгалйан;
- говзарийн турпалхойн мах хадо; тайп-тайпанчу говзарийн турпалхойн амалш вовшашца йуста;
- тайп-тайпанчу авторийн 6–8 байт дагахь йеша (харжамца);
- элементашца киншка йовза (автор, цIе, «Чулацам» агIо, иллюстрациш);

– шаьш киншка харжа а, цуьнан элементашца киншкин чулацам бовза а;

- билгалйина киншкаш шаьш йеша;

– йешначу говзарийн турпалхойх мах хадоран ойла йовзийта;

–дошамашца шаьш болх бан;

– дийнатех лаьцна, инзаре-тамашийна, Iер-дахаран хьокъехь долу туьйранаш вовшех къасто;

– дийцар а, туьйра а вовшех къасто;

– дийнатех лаьцначу туьйранан кхиарх кхета;

– литературин а, фольклоран а жанрашна йуккъера дозанийн лелаш хилар ган (дийцарна йукъахь туьйранан элементаш хила а тарло, инзаре-тамашийначу туьйранехь – дийнатех элементаш а);

– дуьненан тайп-тайпанчу халкъийн туьйранашкахь «лелаш йолу» сюжеташ («лелаш долу туьйранийн дийцарш») каро;

– йешначун чулацамах кхета; йешаран башхаллашца йогӀуш йолу соцунгӀа йан, азъайдар а, йешаран болар а харжа;

– программица билгалйина йолу исбаьхьаллин говзарш лерсица тӀелаца а, шайна хетарг барта схьадийца а;

– литературин текстан а, суртдилларан а, музыкин а говзарийн маьӀна дан, (гиначух, йешначух, хезначух шайн ойла а, синхаамаш а бовзийта);

– метафорийн, олицетворенийн, эпитетийн къоман шайтапана ган а, текстехь исбаьхьаллин къегина хиларан г1ирсаш ган а хаа;

– литературин текстийн диалогийн йаккхийчу фрагментийн инсценировкашкахь (ролашца ловзорехь) дакъалаца;

– байтан а, прозин а тексташ хезаш йеша;

– дийнатех туьйра а, инзаре-тамашийна туьйра а вовшах къасто;

– инзаре-тамашийнчу туьйранан башхаллаш къасто;

– Ӏамат тӀерачу иллюстрацишка хьовса, музыкин говзаршка ладогӀа, исбаьхьаллин тексташца а, суртдилларан говзаршца а царна тӀехь гайтинчу ойланийн, синхаамийн, сагатдарийн хьежамца уьш йуста;

– барта а, йозанца а (аларца а/йа йоццачу сочиненица) литературин а, суртдилларан а, музыкин а говзарш йиийцаре йечу хенахь шайн хилла ойланаш а, тидамаш а бовзийта;

– гуларш хӀитторан алгоритм карайерзон: монографийн, жанрийн а, тематически а (шаьш терминаш – гуларийн къастамаш – лелош).

**4-г1а класс**

дешархочунна **Ӏемар ду:**

– амал кхиарехь а, шен культура билгалйаларехь а нохчийн литературин мехаллех кхета;

– исбаьхьаллин текстан турпалхойн позицеш билгалйан, исбаьхьаллин текстан авторан позицеш билгалйан;

– нохчийн литературин говзарш йешаран процессехь йешаран говзалла лакхайаккха: хезаш а, дагахь а йеша, исбаьхьаллин а, Ӏилманан а, дешаран а текстийн маьӀна даран а, анализан а, хийцаран а коьрта кепаш карайерзо а;

– къамел шардархьама нохчийн литературин говзарш йешаран зеделлачух пайдаэца: ладоьгӀна/йешна текст йиийцаре йарехь дакъа, цу текстана тӀе а тийжаш, шена хетарг тӀечӀагдӀан а, бух бало а; йешначун йа ладоьгӀначун чулацам текстан кепе хьаьжжина, схьайийцаран (йерриге йа йоцца) кепехь бовзийта; йешначу

говзарийн буха тӀехь барта дийцар хӀотто, хьасене хиларан декхарш тидаме а оьцуш (тайп-тайпанчу ладогӀархошна);

– оьшуш йолу литература ша харжа, шен йешаран гуо кхолла а, шорбан а;

– текстах кхетархьама а, кхин сов хаамаш бовзархьама а куьйгаллин хьостанех пайдаэца.

– довзаран а, бӀаьргтохаран а, хаьржинчу а, талламан а йешаран процесссехь дагахь йеша;

– говзаран тема а, коьрта ойла а билгалйан; текст маьӀнийн дакъошка йекъа, текстан план хӀотто а, йухасхьайийцарехь цунах пайдаэца а; текст йоцца а, ма-йарра а йухайийца;

– классехь Ӏамийнчу литературин коьртачу говзарийн чулацам бовзийта а, церан авторш а, цӀерш а билгалйан а;

– «СтелаӀад» цӀе йолчу берийн журналан текстийн а, материалийн а буха т1ехь говзарийн жанраш къасто;

– говзарийн турпалхойн амалийн мах хадо; цхьана а, тайп-тайпанчу а говзарийн турпалхойн амалш вовшашца йуста; авторна турплахочуьнга болу хьежам билгалбан;

– байтин говзарш йа цу йукъара кийсакаш (харжамца) дагахь йеша, йешаран хотӀах лаьцна классерчара олург паргӀат тӀелаца;

– литературин говзарх йа турпалхочух ша аьллачунна бух балор, говзар йуккъерчу фрагменташца йа къаьстинчу могӀанашца и тӀечӀагӀдан;

– элементашца киншка йовза (автор, цӀе, титульни агӀо, «Чулацам» агӀо, аннотаци, иллюстрациш);

– къаьстинчу говзарна а, говзарийн гуларна а аннотаци хӀотто;

– тайп-тайпан декхарш кхочушдаран Ӏалашонца библиотекехь ша киншка харжа (магийнчу спискаца йешар; билггалчу темина барта хаам кечбар);

– йешначу говзарийн турпалхойн мах хадор довзийта, классерчарна хетарг гӀиллакхехь тӀелаца;

– хааман тайп-тайпанчу хьостанашца ша болх бан (дошамаш а, тайп-тайпана справочникаш а йукъалоцуш);

– исбаьхьаллин культурин кхиаран коьрта некъ ган: халкъан кхолларалли тӀера авторийн кепашка кхаччалц;

– халкъан говзарш авторийнчарах къасто;

– авторийн литературехь исбаьхьаллин вастийн гӀирсаш каро а, вовшах къасто (дустар, олицетворени, гипербола («даздар» олу), контраст, йух-йуха алар, рифмин тайп-тайпана кепаш) а.

– дуьненан халкъийн, нохчийн а, оьрсийн а туьйранашкахь мифашкахула дуьне довзаран башхаллаш;

– байтан маьӀнин а, поэта хаьржинчу байт кхолларан кепан а зӀе каро (классикин а, кхузаманан а поэзин масалш тӀехь);

– исбаьхьаллин говзар кхолларехь йаздархочун (поэтан, художникан) кхоллараллин биографин ролах кхета;

– исбаьхьаллин тайп-тайпанчу кепашна (литературин, музыкин, суртдилларан) йукъайогӀу говзарш церан тематически цхьаьнайарца йуьстина ца Ӏаш, церан авторийн дуьнене хьежаман буха тӀехь (говзарехь гайтина йолу ойланаш) а йуста йиш йолуш хилар;

– байтийн а, прозин а текст хезаш йеша:

– классерчаьрца литературин а, суртдилларан а, музыкин а говзарш царна тӀехь гайтинчу ойланийн, синхаамийн, сагатдарийн хьежамца йиийцаре йар;

– барта а, йозанца а (аларца а/йа йоццачу сочиненица) литерутурин а, суртдилларан а, музыкин а говзарш йиийцйаре йечу хенахь шайн хилла ойланаш а, тидамаш а бовзийта.

## НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ТЕМАТИКИН ПЛАНИРОВАНИ

Белхан программа кечйечу хенахь тематикин план хIотторехь тидаме эцна хила йеза дешаран-методически материалаш йолу (мультимедин программаш, электронан Iаматаш а, задачникаш а, электронан библиотекаш, виртуалан лабораториш, ловзаран программаш, цифровой Iаморан ресурсийн коллекциш) электронан (цифровой) Iаморан гIирсех пайдаэцаран таронаш, пайдаэцархойн тайп-тайпана тобанаш Iаморехь а, кхетош-кхиорехь а шайх пайдаоьцуш йолу а, электронан (цифровой) кепехь схьайелла а йолуш, ИКТ-н дидактикин таронаш кхочуш а йеш, шайн чулацам дешарх долчу низамца цхьаьнабогIуш а болуш (Йуххедиллар 3).

Авторски программаш х1иттийнчеран йа хьехархойн-предметникийн йиш йу сахьташ дешарна болу дифференцированни хьежам тидаме а оьцуш, д1асадекъа.

### 1 КЛАСС (33 сахьт)

| Программин чулацам | Дешархойн гIуллакхаллин коьрта кепаш |
|---|---|
| **Абатал хьалхара мур (къамел кхиор) – 5 ч.** | |
| Пачхьалкхан а, къоман а билгалонаш (шатлакхан илли, хIост). | Дешархошкахь т1екаренан а, вовшашца йолчу йукъаметтигийн а, дешаре бакъонаш а, барамаш а кхиор а, дешаре синк1ам ларбар а. |
| Беснаш. Светофор. | Нийсачу т1аьхьахьалхаллехь д1ах1иттийнчу сюжетни суьртийн серица болх: гайтинчу суьртийн анализ, сюжет йиийцаре йар, суьрташна т1е а тийжаш, барта дийцар х1оттор. |
| Школехь. | Цхьана дийцарш х1итторан жам1ашца дешаран диалог, х1ара йа важа къамелан г1ирсаш лелор нийса хилар йа цахилар дийцар, далогехь дакъалацар, шайн хьежам бовзийтар а, цунна бух балор а. |
| Iаламан дуьне (цIера дийнаташ а, акхарой а, олхазарш, сагалматаш, дитташ, хасстоьмаш, стоьмаш). | Хьехархочо йешначу текстах кхетар. |
| КIиранан денош | Сюжетни суьртийн серица, шайн ловзарийн, занятийн, тидамийн, т1етовжаран дешнийн буха т1ехь кегий дийцарш х1иттор. |

| | |
|---|---|
| **Абатан мур (йеша 1амор) – 24 ч.** | |
| Байташ, дагардарш, нохчийн абатан элпех хIетал-металш | Нохчийн абат 1аморна т1ехьажийна байташ 1амор.<br><br>Коллективни ловзаршкахь дагардарех пайдаэцар.<br><br>Тобанашкахь болх: вовшашка х1етал-металш далар, уьш дастар.<br><br>Кхоллараллин болх: аналогца шайн х1етал-металш х1иттор. |
| **Вайн Даймохк – 10 ч.** | |
| Вайн Даймохк<br><br>Соьлжа-ГIала<br><br>Вайн турпалхой<br><br>Халкъан хазна<br><br>Махмаев Ж. Дийцар «Бераш вайн хиндерг» йа Арсалиева Л. байт «Соьлжа-ГIала» (вариативни дакъа).<br><br>Турпалхойх тексташ: Кадыров Ахьмад-Хьаьжа; Нурадилов Ханпаша; Шерипов Асланбек; Висаитов Мовлид | «Родина» «Даймохк» дешан маь1на дийцаре дарехь дакъалацар.<br><br>Даймахке безам гайтар, и ларбар, 1алашбар мехала хилар дийцаре дар.<br><br>«Пачхье» кхетам а, Нохчийн Республикин коьртачу г1алин ц1е – Соьлжа-ГIала – йийцаре йар а.<br><br>Соьлжа-Г1алин йоцца истори йовзар.<br><br>Д1адаханчу шерийн турпалхойх (XX-чу б1ешеран исторически хиламаш) а, шен дахар нохчийн къоман дуьхьа д1аделлачу кхузаманан турпалхочух Кадыров Ахьмад-Хьаьжех а хаарш довзар.<br><br>«Чулацам» йа «Ц1ерш» аг1онаш киншки т1ехь лахар, «Чулацамна» т1е а тийжаш, оьшу говзар лахар а.<br><br>Текстан хиламийн анализ, Даймехкан дуьхьа адамаша дина г1уллакхаш шайна пайденна динчу г1уллакхех къастор. |
| **Вайн йаздархой – 8 ч.** | |

| | |
|---|---|
| Нохчийн йаздархойн кхолларрала йовзар:<br><br>Айдамиров Абузар. Байт «Нана-мохк».<br><br>Сулейманов Ахьмад. «Дахаран генаш» поэми йукъара кийсак.<br><br>Ахмадов Муса. Туьйра «Писулиг».<br><br>Гацаев Са1ид. Байт «Борз».<br><br>Халикова Асет. Байт «Зингат» | Нохчийн литературин классикин говзарш а, кхузаманан йаздархойн кхолларалла а йовзар.<br><br>Байташ дагахь 1амор.<br><br>Прозаически говзар байтех къастор.<br><br>Текст дийнна дешнашца, дешдакъойн йешаран элементашца йеша хаар, йешначун чулцамах кхетар, суьртана т1етийжаш а, шайн дешнашца а текст схьайийцар; хаттаршна жоьпаш далар, говзаран синлаттам а, тон а анализировать йар, йешначух дийцар, шайн хьежамна агрументаш йалор, говхаран текстера йа кхечу хьостанашкара тоьшаллаш а далош, къасташ, мaь1нин йешар. |
| **Абатал т1аьхьара мур (литературни йешар) – 4 ч.** | |
| Аганан иллеш.<br><br>Чехкааларш.<br><br>Дагардарш.<br><br>Кицанаш.<br><br>ХIетал-металш.<br><br>Нохчийн халкъан туьйранаш. Халкъан туьйранаш.<br><br>«Хьекъале Iу» йа «Борззий, цхьогаллий, ломмий», «Цхьогаллий, пхьагаллий» (вариативни дакъа) | Халкъан барта кхолларалла йовзар.<br><br>Фольклоран кегий жанраш къастор: хIетал-метал, дагардар, чехкаалар, аганан илли.<br><br>Текст маь1нин дакъошка йекъар, план х1оттор, суьртийн планаца текст йуха схьайийцар, иллюстрацешца болх, турпалхойн дика йа вон леларийн анализ, дийнна дешнашца кхета а кхеташ текст йешар. |
| **Кхечу къаьмнийн литература – 3 ч.** | |

| | |
|---|---|
| В. А. Осеева. Дийцарш «Цхьаьна», «Иштта дIа».<br><br>В. Г. Сутеев. Туьйра «Iаж»<br><br>Йеша 1амор<br><br>Дикачу адаман г1уллакхаш.<br><br>Деза дешнаш.<br><br>Дийца, муьлхачу басахь хуьлу х1уманаш.<br><br>Вайн Даймохк.<br><br>Соьлжа-Г1ала<br><br>Вайн турпалхой:<br><br>Кадыров Ахьмад-Хьаьжа<br><br>Нурадилов Ханпаша.<br><br>Вайн йаздархой:<br><br>Айдамиров Абузар.<br><br>Гайсултанов 1умар.<br><br>Махмаев Жамалди.<br><br>Ж.Махмаев «Доттаг1алла», «Къоман хазна», «Дей, буьйсий», «Дайна де»,«Бераш вайн хинйолу т1аьхье ю..», «Дуьйло, бераш, делий вай»<br><br>1-Хь Хатуев «Зингат» | «ДоттагIалла», «беркат», «дикалла», «къинхьегам безар», «гIиллакх» боху кхетамаш а бевзар бу, адаман дахарехь церан мехаллех а кхетар бу.<br><br>КхидIа хьур ду хаарш шардар: ойла а йеш, кхета а кхеташ, йешар, йешначу говзарийн турпалхойн леларийн анализ йан; къаьсташ а, кхеташ а дийнна дешнаш дешар.<br><br>Говзаршна суьртийн репродукцеш лахар, говзаран идеяца бог1уш болу мукъамаш харжар. |

| | |
|---|---|
| 1.Демеев «Малонче»<br><br>С.Эдилов «Г1ан», «Беркат» | |
| **ТIаьхьало – 0 с.** | |

**2-**гIа класс (68 сахьт)

| Программин чулацам | Дешархойн г1уллакхаллин коьрта кепаш |
|---|---|
| Долоран урок – 1 с. | |
| Іамат йовзар.<br>Билламан хьаьркаш.<br>1аматийн авторийн дош.<br>Демеев І. Байт «Нохчийчоь».<br>«Даймохк», «Ненан мотт» кхетамаш | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама, контекстан анализ.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, коьртан маь1нех кхетар.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар. |
| Уггар дика доттагI – жайна – 1 с. | |
| Киншка лелоран бакъонаш.<br>Йешаран пайда.<br>Киншкин турпалхой бовзар.<br>Ахмадов Мусан байт «Жайна» | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Тидамаш: иллюстрацин анализ, говзаран чулацамца и йустар, говзарна иллюстрацеш йахкарна шайн предложенеш. |
| Нохчийн халкъан барта кхолларалла – 4 с. | |

| | |
|---|---|
| «Халкъан барта кхолларалла», «чехкаалар», «дагардар», «х1етал-метал», «кица», «туьйра» кхетамаш.<br>Нохчийн дагардарш, чехкааларш, х1етал-металш, кицанаш.<br>Халкъан туьйранаш: «Бабин ЧIирдиг», «Зуьно дина хIилла», «Газа-гуьзалгаш».<br>Берийн фольклор | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; 1аматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Халкъан барта кхолларallин жанраш къасто хаар.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, говзаран план х1оттор.<br>Исбаьхьаллин текстан анализ: пайдаэцначу исбаьхьаллин къегина хиларан а, литературни приемийн а анализ.<br>Говзаршна суьртийн репродукцеш лахар, говзаран идеяца бог1уш болу мукъамаш харжар.<br>Турпалхойн характеристика: турпалхочун амалан коьрта сизаш билгалдан хаар; церан леларшца амал билгалйан хаар; турпалхойн леларийн мотиваш йовзийта а, церан леларийн мах хадо а хаар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Кхолларallин болх: ролашца йешар; турпалхойн визуальни васташ кхоллар; декъехь хьахийнчу проблемашкахула жима текст х1оттор.<br>Йухасхьайийцар: суьрташна т1етийжаш; дешархоша х1оттийнчу планна т1етийжаш.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>Тидамаш: иллюстрацин анализ, говзаран чулацамца и йустар, говзарна иллюстрацеш йахкарна шайн предложенеш.<br>Классал арахьара йешар: йалийнчу говзарийн списка йукъара шайна йеша говзарш харжар. |
| **Сан Даймехкан коьрта гIала – 2 с.** | |
| «Пачхье» кхетам. Соьлжа-Г1алин ц1е, цуьнан исторера хаамаш. | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь. |

<table>
<tr><td>Г1алин де. Некъан боламан бакъонаш.<br>Байташ: Макалов Ш. «Соьлжа-ГІала»; Хасаров Ш.  «СтиглагІала»; Яшуркаев С. «Светофор»</td><td>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца  а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Іаматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Исбаьхьаллин текстан анализ: коьрта идеяш билгалйар.<br>Исбаьхьаллин текстан анализ: пайдаэцначу исбаьхьаллин къегина хиларан а, литературни приемийн а анализ.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.</td></tr>
<tr><td colspan="2" align="center">Дашо гуьйре – 4 с.</td></tr>
<tr><td>Нохчийн авторийн гуьйренна лерина байташ: Макалов Ш.<br>«Гуьйре»; Сейлмуханов М. «Деса Іалам»; Тапалаева А. «Малонча»; Батаева Х. «Гуьйре».<br>Рифмех кхетам. Абубакарова П. байт «Дешнех ловзар».</td><td>Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу  исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Байт дагахь Іамор.<br>Прозаически говзар байтех къастор.<br>Кицанан маь1на литературни говзаран чулацамца дустар.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца  а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Іаматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Исбаьхьаллин текстан анализ: пайдаэцначу исбаьхьаллин къегина хиларан а, литературни приемийн а анализ.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Кхоллараллин болх: Гуьйренан 1аламан шаьш бинчу тидамех жима текст х1оттор.</td></tr>
</table>

| | |
|---|---|
| | Йухасхьайийцар: суьрташна т1етийжаш; коьртачу дешнашца дешархоша х1оттийнчу планна т1етийжаш.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>Тидамаш: иллюстрацин анализ, говзаран чулацамца и йустар, говзарна иллюстрацеш йахкарна шайн предложенеш. |
| **Деша журнал «СтелаIад!» – 4 с.** | |
| Нохчийн маттахь долу берийн журнал «СтелаIад» довзар.<br>Литературини журналах кхетам. Говзарш: Макалов Ш. «СтелаIад»; Толстой Л. «ХIорда чуьра хи стенга доьду?»; Юсупов I. «Дита хьоза».<br>Журналан рубрикаш йовзар | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь. Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама, контекстан анализ; дошамца болх.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Кхоллараллин болх: масала, тайп-тайпана рубрикаш а, шайн иллюстрацеш а йолуш, шайн берийн журналан лоьмар кечйар.<br>Классал арахьара йешар: йалийнчу говзарийн списка йукъара шайна йеша говзарш харжар. |
| **Сан доьзалан йовхо – 7 с.** | |
| Ненан де.<br>Доьзалан мехаллаш.<br>Нохчийн маттахь мультфильмаш йовзар.<br>Говзарш: Сулейманов А. «Нана»; Ахмадов М. «Доьзал»; Гайсултанов У. | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь. Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Байт дагахь Iамор.. |

| | |
|---|---|
| «БIоба эккхор»;<br>Демеев I. «Дадин зезаг»;<br>Шамилов С. «Жима цIа»; Махмаев Ж. «Деза денош»;<br>Гацаев С. «Жимачу кIентан ойланаш» | Цадевзачу дешнашца а, аларшца  а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Іаматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, говзаран план х1оттор.<br>Турпалхойн характеристика: турпалхочун амалан коьрта сизаш билгалдан хаар; церан леларшца амал билгалйан хаар; турпалхойн леларийн мотиваш йовзийта а, церан леларийн мах хадо а хаар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Кхоллараллин болх: ролашца йешар; турпалхойн визуальни васташ кхоллар. |
| **Нийса а, тIедеъна а маьIна – 1 с.** | |
| Нийса а, тIедеъна а маьIна. Литературехь т1едеъначу маь1нехь дешнаш лелор.<br>Нохчийн маттахь йазйинчу говзаршкара масалш | Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Исбаьхьаллин текстан анализ: пайдаэцначу исбаьхьаллин къегина хиларан а, литературни приемийн а анализ.<br>Талламан болх: масала, хьалха 1амийнчу говзаршкахь т1едеъна маь1на долу дешнаш а, аларш а лахар. |
| **Марша да хьо, Керла Шо! – 2 с.** | |
| Рузаман а, дешаран а шарах кхетам.<br>Керла шо даздаран историехула хаамаш. Говзарш:<br>Кагерманов Д. «ГIура-Дада»; Тапалаева А. «Керла Шо кхана хир ду» | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу  исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, говзаран план х1оттор.<br>Турпалхойн характеристика: турпалхочун амалан коьрта сизаш билгалдан хаар; церан леларшца амал билгалйан хаар; турпалхойн леларийн мотиваш йовзийта а, церан леларийн мах хадо а хаар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Кхоллараллин болх: турпалхойн визуальни васташ кхоллар; иллюстарцеш йахкар. |

| | |
|---|---|
| | Йухасхьайийцар: суьрташна т1етийжаш; дешархоша х1оттийнчу планна т1етийжаш<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>Тидамаш: иллюстрацин анализ, говзаран чулацамца и йустар, говзарна иллюстрацеш йахкарна шайн предложенеш.<br>Классал арахьара йешар: йалийнчу говзарийн списка йукъара шайна йеша говзарш харжар. |
| **Iа – 5 с.** | |
| 1а, 1аьнан 1алам.<br>Нохчийн йаздархойн говзаршкахь 1аьнан суртх1отторан башхаллаш. Дийнаташка ларам хилар. 1аьнна а, шеран цу муьрехь адамийн а, дийнатийн дахарна а лерина говзарш: Хатуев I.-Хь. «Керла луо»; Гадаев М.-С. «Жимачу кIентан илли»; Сейлмуханов М. «Хьоза»; Яралиев Ю. «КIайн Iахар»; Мамакаев Э. «Гуди» | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Байт дагахь Iамор..<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Iаматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, говзаран план х1оттор.<br>Исбаьхьаллин текстан анализ: пайдаэцначу исбаьхьаллин къегина хиларан а, литературни приемийн а анализ.<br>Турпалхойн характеристика: турпалхочун амалан коьрта сизаш билгалдан хаар; церан леларшца амал билгалйан хаар; турпалхойн леларийн мотиваш йовзийта а, церан леларийн мах хадо а хаар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар. |
| **Ваха Iама – 5 с.** | |

| | |
|---|---|
| Синмехаллаш, нохчийн г1иллакхаш, ламасташ. Йукъараллехь леларан бакъонаш. Говзарш: Аболханов Хь. «Ваха Iама»; Махмаев Ж. «Дика лар»;<br>Хатуев I.-Хь. «Теша»; Ахмадов М. «Дада волчохь, йуьртахь»; Яралиев Ю. «Марха къобалдойла» | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Байт дагахь Iамор.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Iаматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, говзаран план х1оттор.<br>Турпалхойн характеристика: турпалхочун амалан коьрта сизаш билгалдан хаар; церан леларшца амал билгалйан хаар; турпалхойн леларийн мотиваш йовзийта а, церан леларийн мах хадо а хаар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-културни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>Тидамаш: иллюстрацин анализ, говзаран чулацамца и йустар, говзарна иллюстрацеш йаххкарна шайн предложенеш. |
| **Вайн кегий доттагIий – 5 с.** | |
| Вайна гонахара дийнаташ. 1аламца кхоаме йукъаметтиг. Говзарш: Демеев I. «ГIаз»; Хабаев И. «Дингад»; Хасаров Ш. «Жима кхор»; Хасаев Хь. «Лийчар»; Сакаева М. «Кертахь лелаш нIаьна йу» | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Iаматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар. |

| | |
|---|---|
| | Талламан болх: масала, нохчийн маттахь акхачу дийнатех лаьцна синк1оме факташ йолу текст кечйар.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>Тобанехь болх: 1аматехь йа т1етоьхначу хьостанашкахь хаамаш лахар; говзарехула йа декъан проблематикехула хаттарш кечдар. |
| **БIаьсте йогIу, бIаьсте йогIу… – 5 с.** | |
| Б1аьсте, 1аламехь а, адаман дахарехь а б1аьста хуьлу хийцамаш. Дезде 8-г1а март. Нене безам. Авторски х1етал-металш. Говзарш: Хь. Сатуев «БIаьсте йогIу»; Демеев I. «Сан совгIат»; Цугаев С. «Со мамел хьалха хьалагIоттур йу…»; Макалов Ш. «Сийна бIаьсте»; Ахмадов М. «БIаьстенан гIовгIа»; Сейлмуханов М. «Кхечи бIаьсте»; Талхадов Хь. «БIаьсте»; Арсанукаев Ш. ХIетал-металш. | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь. Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Байт дагахь Iамор.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, говзаран план х1оттор.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадаххар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Кхолларалин болх: декъехь хьахийнчу проблемашкахула жима текст х1оттор. |
| **Даймохк – 6 с.** | |
| «Даймохк», «жима даймохк», «хьоме мохк» кхетамаш. Ненан мотт, Нохчийн меттан де. Сийлахь-Боккха Даймехкан т1ом.<br>Нохчий-турпалхой СБДТI.<br>Говзарш:<br>Ахмадов М. «Даймохк»;<br>Бексултанов М. «Даймохк хIун йу?»;<br>Абубакарова П. «Соьлжа-ГIала»; | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br>Хьехархочо дешархойн тидам т1ебохуьйту нохчийн маттахь йешаран цхьайолчу башхаллашна. Ладоьг1начу текстах кхетар талларна хаттарш.<br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Байт дагахь Iамор.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Iаматехь йалийнчу дошамца болх. |

| | |
|---|---|
| Окуев Ш. «Даймохк»;<br>Батаева Х. «КIиран ворхI де»;<br>Хатуев I.-Хь. «Къонах»;<br>Анзорова Б. «Турпала Ханпаша» | Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, говзаран план х1оттор.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>Классал арахьара йешар: йалийнчу говзарийн списка йукъара шайна йеша говзарш харжар. |
| **Аьхке – 3 с.** | |
| Аьхкенан 1алам. 1алам аьхка. Берийн ловзарш а, самукъа а. Адамна 1аламах хетачуьнца доьзна шира ламасташ. Говзарш:<br>Макалов Ш. «Аьхке»;<br>Магомаева М. «БаI» Макалов Ш. «Къоршкъари» | Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Іаматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Турпалхойн характеристика: турпалхочун амалан коьрта сизаш билгалдан хаар; церан леларшца амал билгалйан хаар; турпалхойн леларийн мотиваш йовзийта а, церан леларийн мах хадо а хаар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Йухасхьайийцар: дешархоша х1оттийнчу планна т1е а тийжаш.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар. |
| **Кхечу къаьмнийн литература – 2 с.** | |
| Къоман литературех кхетам. Оьрсийн сийлахьчу йаздархойн говзарш йовзар. Говзарш:<br>Толстой Л. Н. «Воккха стаггий, хинаний»;<br>Вежарий ГриммгIар «Хударан кхаба» | Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br>Цадевзачу дешнашца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Іаматехь йалийнчу дошамца болх.<br>Исбаьхьаллин говзаран анализ: коьрта идеяш билгалйар, говзаран план х1оттор.<br>Турпалхойн характеристика: турпалхочун амалан коьрта сизаш билгалдан хаар; церан леларшца амал билгалйан хаар; турпалхойн леларийн мотиваш йовзийта а, церан леларийн мах хадо а хаар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар. |

| | |
|---|---|
| | Кхоллараллин болх: ролашца йешар; инсценировка; турпалхойн визуальни васташ х1иттор.<br>Йухасхьайиийцар: суьрташна т1етийжаш; коьртачу дешнашца дешархоша х1оттийнчу планна т1етийжаш.<br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар.<br>Тидамаш: иллюстрацин анализ, говзаран чулацамца и йустар, говзарна иллюстрацеш йахкарна шайн предложенеш.<br>Классал арахьара йешар: йалийнчу говзарийн списка йукъара шайна йеша говзарш харжар.<br>Тобанехь болх: кхид1а долчу дийцаре дарна тобанехь шаьш йешар; инсценировкина кечам; говзарехь нисйеллачу лексикин маь1нех кхетор; доклад кечйар. |
| **Дерзоран урок – 1 с.** | |
| Йешаран пайда, синк1оме киншкаш. «Шаьш йеша говзарш» декъе б1аьртохар. | Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br>Турпалхойн характеристика: турпалхочун амалан коьрта сизаш билгалдан хаар; церан леларшца амал билгалйан хаар; турпалхойн леларийн мотиваш йовзийта а, церан леларийн мах хадо а хаар.<br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъадаххар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br>Тидамаш: иллюстрацин анализ, говзаран чулацамца и йустар, говзарна иллюстрацеш йахкарна шайн предложенеш.<br>Классал арахьара йешар: йалийнчу говзарийн списка йукъара шайна йеша говзарш харжар.<br>Тобанехь болх: масала, аьккхенна литературин список цхьаьна х1оттор. |
| Т1аьхьало – 10 с. | |

**3 класс (68 с.)**

| Программин чулацам | Дешархойн г1улллакхаллин коьрта кепаш |
|---|---|
| **Долоран урок – 1 с.** | |
| 1амат йовзар.<br><br>Билламан хьаьркаш.<br><br>1аматийн авторийн дош.<br><br>Макалов Ш. байт «Ларделаш латта» | Аудировани: дешархоша ладуг1у хьехархочо йа говзаллин диктора д1айоьшучу исбаьхьаллин тексте, нагахь цаьрга ладог1а оьшу г1ирсаш балахь.<br><br>Ладоьг1начу текстах кхетарна хаттарш.<br><br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br><br>Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъададахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br><br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан, историко-культурни йа кхечу хаттарийн анализ: шайна гонах долчу х1уманашка болчу хьежамца царна жоьпаш лаха хаар. |
| **Кхетаман орам – 2 с.** | |
| Йешаран пайданах.<br><br>Г1арабевллачу ойланчийн а, йаздархойн а киншкех а, йешарх а аларш.<br><br>Тептарех кхетам.<br><br>Библиотекийн исторера хаамаш.<br><br>Нохчийн Республикин коьрта библиотекаш. Библиотекехь леларан бакъонаш. Демеев I. Байт «Кхетаман орам» | Дешаран текстехула диалог: х1иттийнчу хаттаршна жоьпаш; хало листаран шайн некъаш йукъададахкар; шайн сацамашна а, предложенешна а бух бало хаар.<br><br>Хезаш йешар: дешархоша индивидуально хезаш йешар, текстах кхетарна оьшу болар а лардеш.<br><br>Шайн дагахь йешар: текст шайн дагахь йешар, бешна хаамаш бийцаре барна кечам.<br><br>Цадевзачу дешнащца а, аларшца а болх: маь1нех кхетархьама контекстан анализ; Iаматехь йалийнчу дошамца болх.<br><br>Текстехь х1иттийнчу эхь-бехкан-этически, историко-культурни а, кхечу а хаттарийн анализ.<br><br>Тидам: иллюстрацин анализ, и говзаран чулацамца йустар. |
| **Гуьйре – 3 с.** | |

| | |
|---|---|
